# Причастиер

Зэъхэзгъэуцуагъэр: к1элэегъаджэу
Къэгъэзэжь Сарет

Пкъыгъомэ янэшанэхэр ащ1эрэхэмк1и къэбгъэлъэгъон плъэк1ыщт.

# Упч1э афэжъугъэуцу.

Сыда пцэжъыем ыш1эрэр?

Пцэжъыер есы.

Сыд фэда пцэжъыер?

Есырэ пцэжъыер.





Сыда тхьаркъом ыш1эрэр?

Тхьаркъор мэбыбы.

Тхьаркъор сыд фэд?

Быбырэ тхьаркъор.

Сыда чэтыум ышӀэрэр?

Чэтыур мэчъые.

Сыд фэда чэтыур?

Чъыерэ чэтыур.





Сыда цызэм ыш1эрэр?

Цызэр машхэ.

Сыд фэда цызэр?

Шхэрэ цызэр.

- Есырэр
- Быбырэр
- Чъыерэр
- Шхэрэр

Мыхэр причастиех.

Причастием глаголым инэшанэхэри, пкъыгъуац1эм инэшанэхэри, плъышъуац1эм инэшанэхэри зэдыри1эх.

# Пкъыгъуац1эм фэдэу, причастиер падежхэмк1э зэхъок1ы.

Гущы1эм пае:

| | |
|---|---|
| Ц1эе1о падеж | **к1орэр** |
| Эргатив падеж | **к1орэм** |
| Лэжь падеж | **к1орэмк1э** |
| Гъэунэф падеж | **к1орэу** |

# Глаголым фэдэу, причастиер уахътэхэмк1э нахьыбэмк1э шъхьэхэмк1э зэхъок1ы.

Гущы1эм пае:

- к1орэр-мы  уахът
- к1уагъэр-блэк1ыгъэ уахът
- к1ощтыр-къэк1ощт уахът.

Плъышъуац1эм фэдэу причастиер къэзгъэнафэу гущы1эухыгъэм щэхъу.

Гущы1эм пае:

- еджэрэ к1алэр
- к1орэ пшъашъэр

# Причастиер гущы1эухыгъэм подлежащэу, дополнениеу, къэзгъэнафэу къыхэфэ.

Гущы1эм пае:

* А1орэр къэсы, аш1эрэр къэк1ы (а1орэр, аш1эрэр подлежащэх).
* Апэрэу тэджрэм шык1эхъу къыфалъфы (тэджрэм-дополнение).
* Нахьыпэу ежьэгъэ к1алэр апэу къэсыжьыгъ (ежьэгъэ-къэзгъэнаф).